



Pou Piblikasyon Imedya: 13/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GLOSSIER PRAL AGRANDI EPI KREYE 282 NOUVO DJÒB

Mak Bote ki Konsantre sou Plan Dijital la Ap Demenaje Syèj Sosyal li an epi Konsève 61 Djòb nan Teknoloji, Finans, Maketing ak Operasyon

Gouvènè Cuomo te anonse jodi a ke Glossier, Inc., yon mak bote dijital ki baze nan Vil New York, ap kreye 282 djòb nan yon gwo ekspansyon nan syèj sosyal yo a. Glossier ap demenaje soti 123 Lafayette Street pou ale nan yon espas 26,000 pye kare nan SoHo Square nan 161 6th Avenue, k ap ajoute 282 nouvo djòb epi konsève 61 djòb nan teknoloji, maketing, operasyon ak lòt fonksyon debaz. Pou ankouraje ekspansyon Glossier nan New York, Empire State Development (ESD) ap bay konpayi an \$3 milyon kredi enpo ki baze sou pèfòmans atravè Pwogram Djòb Excelsior a.

Gouvènè Cuomo te deklare: “Investisman nou yo nan konpayi ki pwomèt e ki inovan, atire inovasyon epi simante repitasyon entènasyonal New York antanke yon sant eksitasyon ekonomik ki dinamik epi divèsifye. Gwo ekspansyon sa ap kreye anviwon 300 nouvo djòb epi demontre siksè estrateji nou yo pou ede biznis yo fleri nan ekonomi 21^{yèm} syèk eta sa.”

Prezidan, PDG e Delege Empire State Development, Howard Zemsky te deklare: “Glossier te lanse nan Eta New York e li te konkeri sektè bote a. Nou fyè pou n travay avèk yo nan ekspansyon yo a epi sipòte kreyasyon ak konsèvasyon plizyè santèn nouvo djòb.”

Glossier, Inc., ki te lanse nan ane 2014, te kolekte plis pase \$40 milyon nan finansman kapital risk, e sa pa gen lontan yo te fèmen etap Seri B yo a, a \$24 milyon nan mwa Novanm 2016. An 2017, Fast Company Magazine te rekonèt Glossier kòm youn nan 50 Preme Konpayi ki Pi Inovon. Glossier te enspire de “Into The Gloss (Nan Ekla a)”, yon blòg Emily Weiss te kreye an 2010, ki regwoupe 1.5 milyon vizitè chak mwa.

Emily Weiss, Fondatè e PDG Glossier, te deklare: “Nou rekonesan pou sipò Eta New York State pandan n ap agrandi ekip nou an nan Vil New York. Se la nou te devlope apati de yon blòg sou bote, pou n vin yon mak bote epi konstwi kominote nou an. Nou kontan anpil pou kontinye konstwi yon ekip nan anba lavil Vil New York k ap kontinye travay pou fè misyon Glossier, ki se fè fi yo santi yo fyè de kiyès yo ye jodi a,

pwogrese.”

Senatè Brad Hoylman te deklare: “Gouvènman eta nou an nan meyè fòm lè li envesti nan moun ak biznis ki rann New York gran. Mwen rekonesan a Gouvènè Cuomo ak Empire State Development pou angajman inebranlab yo pou kreye bon travay epi devlope ekonomi lokal nou an. Mwen atann pou n akeyi Glossier ak nouvo anplwaye li yo pandan y ap etabli nan distri sena mwen an, nan semèn k ap vini yo.”

Manm Asanble Deborah J. Glick, te deklare: “Se pa yon sipriz ke New York kontinye devlope antanke yon sant teknoloji. Kolèj ak inivèsite New York yo gradye etidyan ki pèfòman, ki prè pou travay chak ane e nou enpasyan pou rete nan New York epi kontribye nan ekonomi divèsifye k ap grandi nou an. Mwen aplodi Glossier pou kwasans kontini yo.”

Prezidan Minisipalite Manhattan, Gale A. Brewer te deklare: “Manhattan se youn nan pi gwo kapital lamòd ak medya ki gen yon sektè teknoloji k ap grandi rapidman, alò li fè sans ke mak bote sa, ki te itilize entènèt pou konekte ak konsomatè li yo nan fason ki reyèlman inovan, ap agrandi isit la. Felisitasyon a Glossier pou ekspansyon yo a e mèsè a Gouvènè Cuomo pou aksan kontini li mete sou devlopman sektè sa yo nan New York.”

Manm Konsèy la, Corey Johnson te deklare: “Mwen fyè e mwen kontan pou akeyi Glossier nan Distri a. Hudson Square se yon episant kreyativite nan New York, alò mwen konnen yo ap santi yo byen lakay yo. Devlopman sa se yon lòt prèv ke kounye plis ke jamè, New York se meyè kote nan mond lan pou monte yon biznis epi konstwi yon mak. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou investisman li yo nan kreyasyon djòb, ansanm ak Emily Weiss ak lidèchip Glossier paske yo te chwazi Hudson Square antanke nouvo fwaye yo.”

Enfòmasyon sou Glossier

Glossier se yon mak bote ki enspire sou sa fi vle nan lavi reyèl, ke editè ki jwenn sa ki fonksyone yo fè. Nou teste chak pwodwi bote anba solèy, fè entèvyou ak senbòl nou yo, e nou gen konvèsasyon regilye ak lektè “Into The Gloss” yo, konsomatè nou yo, ak kominote a. Tout sa nou fè, fonn nan sa ki esansyèl nou, ki se pwodwi po ak makiyaj ki fasil pou itilize ki amelyore e ki pa janm kache vrè po ou. Glossier etabli nan Vil NY, vann sou entènèt, livre nan Etazini ak Pòtoriko, e li panse ou bèl jodi a.

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development se prensipal ajans devlopman ekonomik New York (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou ankouraje yon ekonomi ki fò ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo dyòb ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi pou fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Avèk itilizasyon lajan prete, sibvansyon, kredi fiskal ak lòt fòm bourad lajan, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon dyòb, epitou pou

sipòte kominote pwospè yo nan Eta New York. ESD se ajans administratif prensipal tou k ap sipèvize Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Gouvènè Cuomo yo epi k ap fè pwomosyon pou mak anblèm touristik Eta a “I Love NY la”. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418